"JOURNAL OF SCIENCE-INNOVATIVE RESEARCH IN UZBEKISTAN" JURNALI
VOLUME 2, ISSUE 3, 2024. MARCH
ResearchBib Impact Factor: 8.654/2023 ISSN 2992-8869

# Mámleketlik byudjettiń mazmunı hám onıń ekonomikanı tártipke salıwdaǵı áhmiyeti

**Polatov Karamat**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, 2-kurs magistrant

**Аннотация.** Ушбу мақолада давлат бюджетининг мазмуни ва унинг иқтисодиётни тартибга солишдаги аҳамияти хусусида сўз юритилади.

**Калит сўзлар:** солиқ, кичик бизнес, молия, даромад, бюджет, фоиз, шартнома, тажриба.

**Аннотация.** В данной статье рассматривается содержание государственного бюджета и его значение в регулировании экономики.

**Ключевые слова:** налог, малый бизнес, финанс, доход, бюджет, процент, договор, опыт.

**Abstract.** This article examines the content of the state budget and its importance in regulating the economy.

**Key words:** tax, small business, finance, income, budget, interest, contract, experience .

Hár bir mámlekettiń normal sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan rawajlanıwı ushın áhmiyetli finanslıq derek - mámleketlik byudjet zárúr. Mámleket bul derek arqalı jámiyetke hám mámleket puxaralarına zárúr tovarlar óndiris hám xızmetler kórsetiw, ekonomika hám sociallıq tarawlardıń nátiyjeli xızmet etiwi ushın normativ hám institucional dúzilmelerdiń nızamlı tiykarların jaratıw hám sonıń menen óz puxaralarınıń jasawı hám islewi ushın materiallıq hám basqa shar-sharayatlardı jaratıp beriw wazıypaların orınlaydı [1].

Mámleket óz funkciyaların tabıslı orınlawı ushın, sondayaq, rawajlanıwdıń hár bir basqıshında aktual bolǵan strategiyalıq maqsetlerdi ámelge asırıw ushın mámlekette jaratılǵan finanslıq resurslardıń belgili bir bólimin óz qolında toplawı obektiv zárúrlik esaplanadı. Áyne sol obektiv zárúrliktiń bar bolıwı mámleketlik byudjettiń bar bolıwın hám ámel qılıwın talap etedi.

Mámleketlik byudjettiń mazmunın ashıp beriwge túrli dáwir hám túrli

bağdardağı ekonomikalıq mektepler ekonomist alımları túrlishe pikirleydi. Máselen, "Mámleketlik byudjet degende, eń dáslep, eki túsiniktiń qosılıwın túsiniw kerek: birinshisi mámleket kóleminde jalpı ishki (milliy) ónimdi bólistiriw nátiyjesinde payda bolatuğın ekonomikalıq (finanslıq) qatnasıqlar (ekonomikalıq kategoriya) hám ekinshisi sol kategoriyanıń payda bolıw forması sıpatında mámlekettiń tiykarğı finanslıq rejesi"-dep táriyplengen [2].

Mámleketlik byudjet - mámleket pul qarjılarınıń (sonnan mámleketlik maqsetli jamğarmaları qarjılarınıń) oraylastırılğan jamğarması bolıp, onda dáramatlar derekleri hám olardan túsimler muğdarı, sondayaq, finans jılı dawamında anıq maqsetler ushın ajıratılatuğın qarjılar sarplanıw bağdarları hám muğdarı názerde tutıladı [3].

Mámleketlik byudjettiń túrli belgileri hám ózgesheliklериniń joqarıda bayan etilgen pikirlerge tayanğan halda, onıń mazmunın anıqlap beriwshi tómendegi táriypti beriw múmkin: mámleketlik byudjet - jámiyet kóleminde oraylasqan hám mámlekettiń qatnasıwında toplanğan hám onı jámiyettiń rawajlanıwınıń túrli tarawları rawajlanıwına sarplanatuğın finanslıq resurs esaplanadı.

Mámleketlik byudjettiń ekonomikalıq kategoriya sıpatındağı ózgeshelikleri onıń forması, materiallıq mazmunı hám mánisinde kórinedi.

Forması jağınan, mámleketlik byudjet - bul mámlekettiń tiykarğı finanslıq rejesi bolıp, onda byudjet pul qatnasıqları sisteması sıpatında muğdarı jağınan ańlatıladı. Biraq, byudjet rejesi mámlekettiń áhmiyetli finanslıq hújjeti sıpatında dúziledi, kórip shığıladı, tastıyqlanadı hám orınlanadı. Onda pul qarjılarınıń oraylastırılğan jamğarmasın qáliplestiriw, bólistiriw hám onnan paydalanıwğa tiyisli ekonomikalıq qatnasıqlar sáwlelenedi.

Materiallıq mazmun jağınan, mámleketlik byudjet - mámlekettiń byudjet rejesin orınlaw procesinde qáliplesetuğın hám paydalanılatuğın tiykarğı

oraylastırılǵan pul qarjıları jamǵarması esaplanadı.

Mazmunı jaǵınan, mámleketlik byudjet – mámleket basqarıwınıń áhmiyetli quralı bolıp, onıń járdeminde mámleket qayta óndiris proceslerine tásir kórsetedi, insan qalewine boysnbaytuǵın bazar kúshleriniń unamsız tásirin saplastıradı. Huquqıy kategoriya sıpatında mámleketlik byudjet - bul mámlekettiń wazıypa hám funkciyaların finanslıq támiynlew ushın mólsherlengen pul qarjıları jamǵarmasın shólkemlestiriw hám sarplawdıń nızam menen belgilengen forması esaplanadı. Byudjet huquqıy akt formasına iye bolıp, juwapker hákimyat organı tárepinen qabıl qılınadı hám sol sebepten nızamlı kúshke iye.

Mámleketlik byudjet mámlekettiń finans sistemasında oraylıq orındı iyeleydi. Oraylastırılǵan pul fondın qáliplestiriw arqalı onıń járdeminde úlken kólemdegi finanslıq resurslar mámlekettiń qolında toplanadı hám olar mámleketlik mútájliklerdi qanaatlandırıwǵa sarplanadı [4].

Mámleketlik byudjet ekonomikanıń ayırım tarawlarınıń rawajlanıwında tiykarǵı derek rolin de atqaradı. Máselen, ilimiy-texnikalıq rawajlanıw tiykarında milliy ekonomikada jańa taraw payda bolıp atırǵan bolsa, onıń payda bolıwın házirgi sharayatta byudjetten finanslastırıwsız ámelge asırıp bolmaydı. Mámleketlik byudjet milliy ekonomika kárxanaların texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıwda ayırıqsha áhmiyetke iye. Byudjetten ekonomikaǵa sarplanıp atırǵan qarajetler hám oraylastırılǵan investiciyalardı finanslastırıw, eń dáslep, usı maqsetlerge xızmet qıladı. Ásirese, sociallıq tarmaqlar (bilimlendiriw, den sawlıqtı saqlaw, mádeniyat hám sport, ilim, sociallıq támiynat) qarajetlerin finanslastırıw, shańaraqlarǵa sociallıq napaqa beriw, xalıq ushın sociallıq áhmiyetke iye xızmetler bahasındaǵı parqlardı byudjetten qaplaw, mámleket hákimiyatı shólkemleri, basqarıw hám sud shólkemlerin saqlaw, puxaralardıń ózin-ózi basqarıw shólkemlerin finanslastırıw, mámlekettiń qorǵanıw qábiletin bekkemlew kibi

wazıypalardıń óz waqtında orınlakıwın támiynlewde mámleketlik byudjettiń áhmiyeti júdá úlken.

Hár qanday ekonomikalıq kategoriyanıń mazmunı onıń funkciyalarında kórinedi. Mámleketlik byudjet finans-ekonomikalıq kategoriyasınıń sostav bólimi hámde byudjet qatnasıqları finanslıq qatnasıqlardıń strukturalıq bólimi esaplanǵanı ushın olarǵa pul forması tán hám olar bólistiriw, qayta bólistiriw hám qadaǵalaw funkciyaların orınlaydı.

Bólistiriw funkciyasın salıq, zaëm, mámleket múlkinen túsken dáramatlar, qaǵaz pullar emissiyasınan túsken dáramatlardı óz ishine alıwshı byudjet dáramatları ámelge asıradı. Bunda byudjet jamǵarması xojalıq subektleri (yuridik hám fizikalıq shaxslar) dáramatları esabınan qáliplesedi. Bul dáramatlar sap milliy ónimniń birlemshi bólstiriliwi (jumısshı hám xızmetkerlerdiń is haqı, jallanba islewshilerdiń dáramatları, isbilermenlik paydası, renta, procent) nátiyjesinde júzege keledi [5].

Byudjettiń qayta bólistiriw funkciyası anıq maqsetli byudjet qarajetlerine tiyisli esaplanadı. Mámleket ulıwma xojalıq subekti sıpatında xızmet júritip, qayta óndiris procesi barlıq qatnasıwshılarınıń ekonomikalıq máplerin esapqa aladı, sonıń ushın da byudjet qarajetleri hámme tarmaqlar hám tarawlardı qamtıp aladı. Eger bólistiriwdiń birinshi basqıshında byudjet qarjıları milliy dáramatta mámlekettiń úlesi sıpatında korinse, onıń ekinshi basqıshında bolsa usı úles bólimlerge bólinedi hám kóp sanlı kanallar arqalı túrli ilájlardı finanslastırıwǵa hám fondlardı qáliplestiriwge baǵdarlanadı.

Mámleketlik byudjettiń qadaǵalaw funkciyası da ózine tán bolǵan ózgesheliklerge iye. Byudjettiń milliy ekonomika menen ózara baylanıslılıǵı qayta órndiristiń barlıq basqıshlarında jaǵdaydıń qandaylıǵı haqqında maǵlıwmatlar menen úzliksiz támiynlep turadı. Milliy ekonomikanıń qálegen bir tarawı yaki kárxananing finanslıq ahwalı, álbette, mámleketlik byudjet penen bolatuǵın ózara

qatnaslarda – salıqlarda, tólemlerde, byudjetten finanslastırıw kólemlerinde, byudjet assignovaniyaların ózlestiriwde hám basqalarda óz tásirin kórsetedi [6].

Mámleketlik byudjet qayta óndiristiń barlıq basqıshlarına aktiv tásir kórsetedi, milliy dáramattı milliy ekonomikanıń barlıq tarmaqları ortasında, sonnan materiallıq óndiris tarawınan materiallıq emes tarawǵa (xalıqtıń kem támiynlengen qatlamı – pensionerler, studentler, jumıssızlar, kóp balalı, kem támiynlengen shańaraqlar hám basqalardıń turmıs dárejesin turaqlı uslap turıw ushın sharayatlar jaratadı) qayta bólistiriliwin támiynleydi; ónimleri hám xızmetleri jámiyet ushın júdá áhmiyetli hám zárúr bolǵan, leykin turaqlı pás dáramatlı tarawlar (energetika, transport, baylanıs hám basqalar) dı finanslıq qollap-quwatlawdı ámelge asıradı.

Mámleket bazar ekonomikası sharayatında byudjet dáramatın qáliplestiriwdiń tiykarǵı deregi esaplanǵan salıqlar járdeminde ayırım tarawlardıń, xojalıq júritiwshi subektlerdiń hám fizikalıq shaxslardıń ekonomikalıq aktivligin olar ıqtıyarında qalatuǵın pul qarjıları úlesin kóbeytiw yaki kemeytiw arqalı, yaki xoshametlew siyasatın ámelge asırıw jolı menen tártipke saladı hám sol arqalı, ekonomikalıq teńsalmaqlılıqtı támiynleydi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Халмуратов, К. П. (2022). АНАЛИЗ ДИНАМИКИ ИНФЛЯЦИИ В РЕСПУБЛИКИ УЗБЕКИСТАН. IJODKOR O'QITUVCHI, 2(22), 62-64.
2. Xalmuratov, K., & Kamalov, U. B. (2023). MÁMLEKET BYUDJETI QARJILARINAN NÁTIYJELI PAYDALANIWDI TÁMIYNLEW JOLLARI. Educational Research in Universal Sciences, 2(5), 180-184.
3. Халмуратов, К. П. (2022). ОПЫТ ЗАРУБЕЖНЫХ СТРАН В ОБЛАСТИ КРЕДИТОВАНИЯ НАСЕЛЕНИЯ. O'ZBEKISTONDA FANLARARO INNOVATSIYALAR VA ILMIY TADQIQOTLAR JURNALI, 1(10), 58-62.
4. Халмуратов, К. П. (2022). Анализ бюджетной системы в развитии

экономики Республики Узбекистан. Ta'lim fidoyilari, 7(8), 618-625.

5. Xalmuratov, K., & Kamalov, U. (2023). OCHIQ IQTISODIYOT SHAROITIDA INNOVATSION XIZMATLAR TURLARI RIVOJLANISHINING ILMIY-NAZARIY ASOSLARI. GOLDEN BRAIN, 1(17), 138-143.

6. Aytmuratova, U. J., & Sabirbaev, N. (2022). IJTIMOIY SOHANI QO'LLAB-QUVVATLASHDA DAVLAT BYUDJETINING AHAMIYATI (QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI MISOLIDA). Евразийский журнал академических исследований, 2(6), 314-320.